

# Aksidan/maladi nan kad travay DEKLARASYON DWA



Workers'  
Compensation  
Board

## Pou tout travayè ki blese oswa fè aksidan pandan y ap travay oswa ki soufri yon maladi nan kad travay yo: Nou gen dwa pou nou kapab benefisyè avantaj pou travayè nan kad aksidan travay yo

1. Ou kapab genyen dwa pou w benefisyè avantaj pèt salè si aksidan/maladi w fè/pran nan kad travay la anpeche w travay pandan plis pase sèt (7) jou, si sa lakòz salè w la diminye, oswa si sa vin lakòz ou gen yon andikap pèmanan. Nan ka ponpye ak travayè anbilans volontè yo, yo kapab peye avantaj pou tan travay ki pèdi oswa mank kapasite pou rantre lajan yo sòti nan dat aksidan/maladi an.
2. Ou gen dwa pou w resevwa trètman medikal ki gen pou wè ak aksidan/maladi w la epi w ta dwe benefisyè l imedyatman. Nenpòt pwofesyonèl swen sante kapab vin ba w swen nan yon ijans. Aprè sa, ou dwe jwenn ak yon pwofesyonèl swen sante ki gen otorizasyon Komisyon Revizyon Aksidan nan kad Travay yo pou Eta New York la oswa ou dwe ale nan yon klinik sante pwofesyonèl. Ou kapab chèche yon pwofesyonèl swen sante nan [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov). Pa peye pwofesyonèl swen sante an dirèkteman; li ap voye fakti an bay konpayi asirans pou aksidan travay anplwayè ou an. Si konpayi asirè w lan gen yon famasi oswa yon rezo dyagnostik, ou dwe resevwa sèvis apati rezo sa. Konpayi asirans lan dwe pale ak ou sou rezo pwofesyonèl ki konekte ak li yo epi li dwe di w kijan w dwe itilize yo.
3. Antrepriz w ap travay ladan I lan (patwon w) gen responsabilite pou l ranplase nenpòt pwotèz (tankou manm atifisyèl, fo dan, linèt) ki te pèdi oswa kraze nan kad travay yo. Epi ou gen dwa pou yo ranbouse w pou medikaman, beki, oswa nenpòt ekipman pwofesyonèl swen sante w la te preskri w nan yon fason awopriye, ansanm ak transpò ak lòt depans nesesè pou deplase ale oswa kite klinik pwofesyonèl swen sante w la oswa lopital la. (Ou ta dwe genyen tout resi pou tout depans sa yo.)
4. Antrepriz w ap travay ladan I lan (patwon w) pa gen otorizasyon pou l mande w renonse ak dwa w genyen pou resevwa avantaj aksidan travay ou yo oswa retire lajan sou salè w pou peye prim asirans nan kad aksidan travay yo. Epi tou, yo pa kapab revoke w oswa fè diskriminasyon sou ou paske w te fè yon reklamasyon pou avantaj.
5. Ou gen dwa pou yon avoka/reprezantan ki gen lisans rezante w, men li pa obligatwa. Si ou anplwaye youn, pa peye li dirèkteman. Se lalwa ki fikse frè yo epi yo pran yo nan prim ou. Frè avoka yo jeneralman anviwon 15% nan prim w ap jwenn lan epi ou dwe diskite sa avèk avoka w la/reprezantan ki gen lisans ou an.
6. Si gen kontestasyon sou teren an ki vle demontre aksidan/maladi w la pa gen pou wè ak travay oswa pa t rive nan moman w t ap travay antanke ponpye oswa travayè anbilans volontè, sa kapab rive yo mande w peye depans trètman medikal ou yo. Ou kapab kalifye pou avantaj andikap pou aksidan ki pa fèt nan travay yo. Pou w kapab jwenn enfòmasyon sou avantaj andikap yo kontakte Komisyon an nan **(877) 632-4996**.

Remak: Retounen byen rapid nan travay la epi viv yon vi ki aktif kapab ede w retabli pi rapid. Pou w kapab jwenn èd pou w retounen travay, oswa pou rezoud pwoblèm familyal oswa finansye ki rive poutèt ou te fè aksidan/maladi yo, rele Komisyon an nan **(877) 632-4996** epi mande pou reyabilitasyon pwofesyonèl oswa asistans sosyal pou travay.

### Pou w fè yon reklamasyon:

1. Fè antrepriz w ap travay ladan I la (patwon w) konnen ou te blese oswa te vin malad poutèt travay ou alekri, nan yon espas 30 jou aprè aksidan an oswa jou maladi an parèt sou ou an.
2. Fè Komisyon an konnen aksidan/maladi w lan tousuit. Pou w kapab fè sa, jwenn yon *Fòm C-3 epi fè yon Reklamasyon pou Anplwaye*. Remak: Ponpye volontè yo ap fè *Reklamasyon Avantaj pou Ponpye Volontè (Fòm VF-3)*, volontè nan sèvis anbilans yo ap fè *Reklamasyon Avantaj pou Volontè nan Sèvis Anbilans yo (Fòm VAW-3)*.
3. ENPOTAN: Si w pa fè Komisyon an konnen w te blese oswa malad nan espas de (2) lane, ou riske pèdi tout dwa w pou jwenn avantaj.
4. Di pwofesyonèl swen sante w la voye kopi rapò medikal ou yo ki gen pou wè ak reklamasyon w yo bay Komisyon an ansanm ak konpayi asirans antrepriz w ap travay ladan I lan (patwon w) nan adres ki nan pati anba nan fòm sa.

**POU W KAPAB JWENN ASISTANS NAN JWENN YON FÒM REKLAMSYON OSWA POU RANPLI L, OSWA POU LÒT KESYON KONSENAN YON AKSIDAN OSWA MALADI, TANPRI RELE NAN **(877) 632-4996**. YOUN REPREZANTAN KOMISYON AN AP EDE W.**

Enfòmasyon sa se yon reprezantasyon senplifye dwa w yo daprè Lwa sou Aksidan nan kad Travay la. Se konpayi asirans antrepriz w ap travay ladan I lan (patwon w) ki mete l disponib pou ou, jan Atik 110 nan Lwa sou Aksidan Travay la mande sa:

YON PRESKRIPSYON PREZADAN KOMISYON REVIZYON AKSIDAN NAN KAD TRAVAY YO  
NYS Workers' Compensation Board,  
Centralized Mailing, PO Box 5205,  
Binghamton, NY 13902-5205  
**WCB.NY.GOV**